Жуўмақлап айтқанда бүгинги күни Әжинияз бабамыздың әўладлары ҳаққындағы хронологиялық шежиреси керек еди. Себеби Президентимиздиң Әжинияз шайырдың 200 жыллығын белгилеў ҳаққындағы қарары шықты. Оның пунктлеринде көрсетилгениндей, шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилигин үйрениў арқалы кең жәмийетшиликке үгит нәсиятлаў, сол арқалы келешек әўладты мәдений, руўхый кәмилликке тәрбиялаўдағы орны ҳәм әҳмийетлигин түсиндириў бүгинги күнниң баслы мәселелериниң бири. Соның ушын бизиң мақаламыз да усы бүгинги күн тәртибиндеги мәселеге жуўап береди деп ойлаймыз.

**Әдебиятлар**


1. Пахрадинов Ә. Әжинияз шайырдың көркемлик дүньясы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2014. 12-б.
2. Байниязов Қ. Қосықтың күши. –Нөкис: 1977. 32-б.
3. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы 3-том. –Нөкис: 72-б.
4. / «Жас Ленинши», № 65 (4045) 1969-жыл, 15-август.
5. / «Советская Каракалпакия» 1975-год, 16-августа, № 164 (11410).



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада Ажиниёз Қўсибай ўғли авлодларининг оилавий хронологик генограммаси тузилган. Ҳозирда улар Шуманай, Қонли-кўл, Қўнғирот ва Нукусда истиқомат килади ва манзиллари кўрсатилган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье составлен хронологическая семейная генограмма потомков Ажинияза Косибай улы. Настоящее время, они проживают в Шуманае, Канлы-Куле, Кунграде и Нукусе и указаны адреса.

**SUMMARY.** A chronological genealogy of the descendants of Ajiniyaz Kosibay uli has been drawn in this article. Currently, it is determined that they live in the cities of Shumanay, Kanli-kol, Kungrat, Nukus and addresses are indicated.


## MIFOLOGIYALÍQ OBRAZLARDÍŃ IZERTLENIWI


**G.B.Kabilova –** *tayanısh doktorant*

*Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi*

*Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim-izertlew institutı*



**Tayanch so'zlar:** mif, mifologiya, folklor, obraz, ertak.

**Ключевые слова:** миф, мифология, фольклор, образ, сказка.

**Key words:** myth, mythology, folklore, image, fairy tale.


Mifologiyalıq obraz – bul kóbinese xalıq awızeki dóretpelerinde, ádebiyatta hám kórkem ónerde ushırasadı. Yaǵnıy miftiń syujeti tiykarında dórelgen kórkem obrazlar. Mifologiyalıq obraz áyyemgi grek ádebiyatında Gerakl, Prometey, Antey obrazları mısalında awızeki ádebiyat hám jazba ádebiyatta óz sáwleleniwin tawǵan. Insanlar turmısına dinniń kirip keliwi nátiyjesinde xristian, islam diniy kitaplarında mif diniy mazmun sáwlelendiredi [1:62]. Mifologiyalıq syujet hám obrazlar erte dáwirdegi áyyemgi insanlardıń oy-qıyallarınıń belgili bir tártipke salınǵan sisteması esaplanadı. Usınday tártipke salınǵan belgili bir sistema dáwirler ótip hár bir xalıqtıń awızeki dóretpeleriniń hám jazba ádebiyatınıń payda bolıp, rawajlanıwında úlken áhmiyetke iye bolǵan. E.M.Melitinskiydiń kórsetiwinshe, qanday da bir zattı onıń payda bolıwı menen baylanıstırıw, yaǵnıy zattıń jaratılısın túsindiriw, onıń qalay payda bolǵanın gúrriń etiw, aynalanı, qorshaǵan dúnyanı sıpatlaw miftiń tiykarǵı belgilerinen esaplanǵan [2:172]. Shınında da, bizge belgili miflerdiń tiykarǵı mazmunı tábiyattaǵı zatlardıń payda bolıwı (jaratılısı) ulıwma álemdi, dúnyanı sıpatlawlardan ibarat. Onıń ústine «miflik túsinik boyınsha zattıń mánisin uǵıw ushın onıń kelip shıǵıw tariyxın biliw kerek»bolǵan [3:67]. Sonıń ushın da adamlar tábiyattaǵı zatlardıń kelip shıǵıw tariyxı jóninde qıyalıy áńgimeler dóretken. Mifologiya boyınsha tereń izertlew jumısların alıp barǵan rus alımları bunday áńgimelerdegi mifologiyalıq kózqaraslardı úyreniw barısında bir qansha teoriyalıq izertlew jumısların alıp barǵan. Usınday alımlardan F.I.Buslaevtıń "Rus xalıq awızeki dóretpeleri hám kórkem óneri tariyxınan ocherkler"(1861), A.N.Afanasaevtıń "Slavyanlardıń tábiyat penen baylanıslı poetik kózqarasları"(1866-1869), V.N.Pipinniń "Rus xalıq ertekleri"(1865), A.N.Veselovskiydiń "Salıstırmalı mifologiya hám onıń metodı"(1873), E.M.Meletinskiydiń "Proisxojdeniye geroycheskogo eposa"(1963), "Poetika mifa"(1976) sıyaqlı miynetlerinde mifologiya ilimiy hám ámeliy tárepten jańa materiallar hám ilmiy juwmaqlar menen rawajlandırılǵan.

Miflerdi úyreniw dúnya júzi folklortanıwında baslı másele bolıp kelgen. Sol qatarı túrkiy xalıqlar folklortanıwında da áhmiyetli máselelerdiń biri esaplanadı. Túrkiy xalıqlardan ózbek folklortanıwında mifologiyalıq syujet hám obrazlardı úyreniw boyınsha bir qansha qunlı jumıslardı atap ótiwge boladı. Belgili ózbek folkloristi Ǵ.Akramovtıń "Ózbek xalıq dástanlarında mifologiya" dep atalǵan izertlew jumısında "Góruǵlı" dástanına baylanıslı ózbek xalıq dástanlarındaǵı mifologiyalıq obrazlar analizi mısalında izertlew jumısı alıp barǵan. Sonday-aq, alımnıń "Animatik mifologiya" (1977), "Ózbek xalıq dástanlarında mifologiya" (1980), "Manistik mifologiya" (1979), "Góruǵlı" quramında mifologik obrazlar" (1978), "Mifologiyanıń ayırım epik janrlar menen óz ara baylanısı" (1981), "Mif hám jazba ádebiyat baylanısına tiyisli" (1996) sıyaqlı miynetlerinde pikirler hám juwmaqlar ózbek folklorlıq shıǵarmalarınıń mifologiyadan azıqlanǵanı, onıń qanday da bir elementi sıpatında júzege kelgenin dálillep bergen. Folklorist alımlar M.Jóraev hám Z.Rasulovalardıń "Mif, marosim va ertak" (2014), M.Jóraev hám M.Narziqulovalardıń "Mif, folklor va adabiyot"(2006), M.Jóraev hám Sh.Shomusarovlardıń "Ózbek mifologiyasi va arab folklori" (2001), M.Rizaevanıń "Ózbek xalıq mifologik afsonalari " (2020), T.Mirzayev, Sh.Turdimov, M.Jóraev, J.Eshanqulov, A.Tilavov avtorlıǵındaǵı "Ózbek folklorı" (2020) miynetlerinde ózbek folklorındaǵı dástan, ertek, ápsana janrlarındaǵı miflik elementlerdiń shıǵarmadaǵı funkciyası, syujet birligi, poetikalıq ózgesheligi, erteklerde sanlar magiyası, ájayıp zatlar kórkemligi, ózbek mifologiyasıń rawajlanıwı, mifologik obrazlar analizi, mifologik ápsanalar genezisi, mif hám ápsana múnásibeti h.t.b máseleler sóz etilgen. Alımlar B.Sarimsaqov, T.Haydarov, T.Rahmonova, M.Jóraev, Sh.Turdimov, J.Eshanqulov, O.Qayumovlardıń jumıslarında mifologiyalıq obrazlardıń sisteması, genetik tiykarları, kórkem funkciyası boyınsha izertlewler alıp barılǵan.

Qaraqalpaq folklortanıwında birishi márte alım J.Xoshniyazov tárepinen mif boyınsha úlken tabıslı miynet jazıladı. Bul kólemli miynet "Mifler hám dástanlar: genezisi, specifikası, dáwirlik qatlamları" dep atalıp, alım kitaptıń birinshi bóliminde qaraqalpaq mifleriniń janrlıq sıpatlamalarına, tematikalıq túrlerine, mifler hám qaraqalpaq epikalıq janrlarına toqtaǵan bolsa, ekinshi bóliminde qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpeleriniń epikalıq túrlerinde, ásirese dástanlarında mifologiyalıq syujet hám obrazlardıń sáwleleniwi hám dástanlardaǵı mifologiyalıq dáreklerdiń belgileri haqqında keń maǵlıwmat bergen [4]. J.Xoshniyazov búgingi kúnge shekem mif terminine berilgen anıqlamalardı analizley otırıp, mifke tek ǵana anıqlamalar berip sheklenip qalmastan onıń xalıq awızeki dóretpelerinde atqaratuǵın kórkemlik ózgesheliklerin, kompoziciyalıq qurılısın, ideyalıq baǵdarların úyreniwdi

alǵa súredi hám olarǵa óziniń teoriyalıq ilmiy kózqarasların bildiredi.

Ózbek folklortanıwında bul aktual másele boyınsha bir qansha jumıslar islengen bolıp, usınday miynetlerden alım Sh.Turdimovtıń "Ózbek mifologiyasi va folklori" miynetinde ózbek xalıq folklorlıq dóretpelerinde ushırasatuǵın mifologiyalıq elementler yaǵnıy obrazlar haqqında maǵlıwmatlar berilgen. Bunda mifologik obrazlardıń kelip shıǵıw tariyxın, awızeki dóretpelerde atqaratuǵın funkciyasın, semantikalıq mánisi, awızeki dóretpelerde qanday ózgeshelikler menen ushırasıwı boyınsha ilmiy tárepten mısallar menen dálillep bergen. Máselen, ózbek xalıq awızeki dóretpelerinde ushırasatuǵın Alańqasar, Ańqur-Tuńqur, Albaslı, Qızır/Qıdır, shiltenler, Temirtırnaq, Jalmawız kempir, peri h.t.b. [5]. Bul obrazlardan qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpelerinde Alańǵasar dáw, Qıdır ata, shiltenler ushırasadı. Alańǵasar dáw, Qızır hám shiltenler obrazı qaraqalpaq folklorında epikalıq shıǵarmalarda, ásirese dástanlarda, erteklerde ushırassa, Qızır obrazı xalıqlıq túsinik tiykarında Qıdır ata obrazı menen qaraqalpaq xalıq ápsanalarında, erteklerinde gezlesedi. Áyyemnen belgili bolıp kiyatırǵan Qıdır hám Qızır obrazları búgingi kúnge shekem de xalıq arasında pir, payǵambar dárejesinde názerde tutılıp kiyatır. Bul eki obraz xalıq awızeki dóretpelerinde bir obrazdı súwretleydi. Áyyemgi túrkiy xalıqlardıń dáreklerinde Qızır ataması menen júritilse, xalıq awız eki áńgimelerinde Qıdır atı menen atalıp, ayırım folklorlıq dóretpelerge de usı at penen kiritilgen. Máselen, qaraqalpaq xalıq erteklerinen "Jarlı hám Qıdır ata" erteginde Qıdır atı menen ushırasadı. Ertek syujetinde Qıdır ata hár kimniń qırmanınan qalǵan-qutqanların alıp kún keshiretuǵın diyqan qırmanında óniminiń mol bolıwı ushın kóp dánli qırmannan az dánli qırmanǵa dán tasıp turǵanlıǵı, biraq kóp dánli qırman azaymay, az dánli qırmannıń bolsa kóbeyiwi súwretlenedi. Bunda Qıdır/Qızır obrazlarına berilgen anıqlamalarda birdey wazıypa atqaratuǵınlıǵı hám ekewi de bir insan ekenligi anıq sáwlelenedi. Qızır – túrkiy xalıqlardıń suw, ot, ıssılıq, báhár, ónimdarlıq, jaqsılıq hám ómirlik suwı haqqındaǵı mifologik qıyalları, kózqarasları tiykarında jaratılǵan. Túrkiy xalıqlar folklortanıwshı alımları bul obrazdı úyreniw barısında Qızır atı menen izertlew jumısların alıp barǵan. Qızır túrkiy xalıq awızeki dóretpelerinde qaharmanlardıń epikalıq járdemshisi (qáwenderi) sıpatında súwretlenedi. Folklortanıwshı M.Avzalov: "Qızır obrazı áyyemgi mifologiyalıq kózqaraslar menen baylanıslı bolıp, pir-járdemshiler haqqındaǵı kózqaraslardan kelip shıqqanlıǵı anıqlanǵan",– dese jáne bir pikirinde "Erteklerde ushırasatuǵın shól iyesi Qızır unamlı obrazlarǵa kúsh beretuǵın, olardıń murat-maqsetine jetiwinde járdem beriwshi fantastikalıq obraz. Ol túrli adamlar, buyımlar, haywanlar bolıp ta kórinedi. Qızır hesh qanday diniy obraz emes, yaǵnıy Alla tárepinen jiberilgen sahaba yaki áwliye emes, ol xalıq fantaziyasınıń ónimi, ideallastırılǵan obraz"– dep ertekte qaharmandı hár qanday sharayatta qollap-quwatlap, járdem beriwshi ǵayrıtábiyiy qúdretke iye kúsh – epik járdemshi sıpatında túsindirgen. Alımnıń eki pikirin salıstırıp qaraǵanda eki túrli kózqaras seziledi. Birinshi pikirinde Qızır obrazın diniy obraz (pir) degen bolsa, ekinshi pikirinde qıyalıy dóretilgen fantastikalıq obraz sıpatında anıqlama beredi.

Biziń pikirimizshe, Qızır obrazın fantastikalıq obraz dep alsaq xalıq awızeki dóretpelerinde ushırasatuǵın bul obrazda hádden zıyat, aqılǵa qarsı keliwshi fantastikalıq is-háreketler kózge taslanbaydı. Xalıq awızeki dóretpelerinde insanlardıń bul mifologiyalıq obrazǵa isenimleri, jaqsılıqqa erisiwdegi tileklerin orınlawshı pir sıpatında súwretlenedi. Turmısımızda xalıq arasında da alıs jolǵa saparǵa shıqsaq "Qıdır ata joldasıń bolsın" dep tilek tileydi. Bunday obrazlardıń xalıqtıń isenimlerinen orın alıwı onıń fantastikalıq obraz emes ekenliginen dárek beredi. XII ásirdiń kórnekli sufizm wákili Sulayman Baqırǵaniy de óz hikmetlerinde "Hárkim kórseń Qızır bil, hár tún kórseń qádir bil" degen báytler aytılǵan dep keltiriledi. Sulayman Baqırǵaniy islam dininiń eń aldı wákillerinen bolǵan. Bul insannıń hikmetlerinde Qızırdı tilge alıwınıń ózi de onıń fantastikalıq obraz emes ekenligin dálilleydi.

Al, Ǵ.Akramov bolsa "Qızır obrazı ata-babalar ruwxı menen baylanıslı isenimler hám shamanizm tásirinde júzege kelgen bolıp "Góruǵlı" dúrkimi dástanlarında pútkil dástan ushın mifologiyalıq elementlerge negiz wazıypasın atqaradı", – dep esaplaydı [6:157]. Sonday-aq, Ǵ.Jalalovtıń tómendegi pikiri de Qızır obrazınıń funkcional tábiyatın keńirek jarıtıwda imkaniyat beredi: "Erteklerde Qızır qaharmandı qollap-quwatlawshı, maqsetke eristiriwshi, biyperzentlerge perzent inam etiwshi, ulıwma el múshkilin ańsatlastırıwshı obraz sıpatında kórinedi" [7:90].

Ayırım dáreklerde Qızır payǵambar dárejesinde de súwretlenedi. Qızır obrazı barlıq túrkiy xalıqlar ádebiyatlarında belgili. Bul obrazdıń negizgi shıǵıs dáregin úyreniw barlıq túrkiy xalıq folklortanıwshı alımların qızıqtırıp kelgen. Ázerbayjan alımı M.Seyidov Qıdır sózi Qızır dep te júritiliwin hám Qızır sózınıń etimologiyasın "jalın, (órt, ot (ósimlik))" sózlerinen kelip shıqqanlıǵın aytıp ótken [8:13-14].

Al, qazaq ilimpazı S.Qasqabasov "Qızır (Qıdır) haqqındaǵı ápsanalar qıyalıy toqıma bolıp, islamnan aldıńǵı zamanlarda jasaǵan adamlardıń ómir, ólim hám ata-babalar ruwxı menen baylanıslı kózqaraslardı sáwlelendiredi",– dep kórsetedi hám "Qızır obrazı – qaytıs bolıp ketken ata-babalar ruwxınıń islamlastırılǵan kórinisi", – dep qosımsha sıpatında "ata-babalar kultı menen baylanısıtırp úyreniwde áhmiyetli",- dep atap ótedi [9:199-202].

Qaraqalpaq folklortanıwında alım Q.Maqsetov Qızır, Qıdır ata jóninde "Qaraqalpaq xalqınıń kórkem awızeki dóretpeleri" miynetinde bir qansha qunlı maǵlıwmatlar beredi. Alım basqa folklorshı alımlar sıyaqlı xalıq arasında Qızır hám Qıdır dep júritile beretuǵınlıǵı haqqında ayta otırıp, olardı xalıqtı bárqulla qollap-quwatlawshı, insanlardıń qıynalǵan waqtında járdemge keliwshi pir sıpatında túsindiredi [10:203].

Demek, Qızır/Qıdır obrazı áyyemnen túrkiy xalıqlar arasında olardıń isenimleri nátiyjesinde júzege kelgen, jaqsılıqqa bolǵan úmitleriniń, jaqsı turmısqa, jawız kúshlerden qorıqpay gúresiwge degen tileklerin ózinde jámlestirgen mifologiyalıq obraz. Bunday obrazlar ádette qanday da bir káramatqa iye bolıp, sonday káramatlı is-háreketleri menen xalıq túsiniginde pir dárejesine jetken hám xalıq awızeki dóretpelerinde mifologiyalıq obraz sıpatında gewdelenedi.

Mifologiyalıq obrazlardan peri obrazı haqqındaǵı kózqaraslar xalıq arasında unamlı pikirlerdi berse, ayırım jaǵdaylarda bul obraz unamsız sıpattı da ózinde sińdirgen degen pikirler de ushırasadı. Óz gezeginde usınday pikirlewler, kózqaraslar áste xalıq arasında áńgimelerge aylanıp, xalıq awızeki dóretpelerinen orın alǵan. Xalıq awızeki dóretpeleriniń epik janrlarında peri obrazı kóp jaǵdaylarda jaqsılıq belgisi, qaharmanǵa járdemshi, murat-maqsetine jetiwinde qol qanat hám bas qaharmannıń súygen yarı bolıp súwretlenedi. Peri obrazı Orta Aziyanıń eń áyyemgi miflik túsinikler sistemsınan orın alǵan. Peri haqqındaǵı eń dáslepki maǵlıwmatlar "Avesto" esteliginde berilgen bolıp, onıń barlıq bólimlerinde bul obraz "payrika" atı menen berilgen. Pariyka mifologik personaj bolıp, genetik tárepten peri obrazınıń arxaik kórinislerinen biri esaplanadı. Biraq, "payrika" obrazı haqqında ilmiy ádebiyatlarda anıq berilgen maǵlıwmatlar yamasa alımlardıń pikir-kózqarasları aytılmaǵan. Alımlardıń pikirinshe "Avesto" daǵı payrika payri tábiyiy sulıwlıqqa iye bolǵan gózzal hayal – geterler, jawız sahiyra, yaǵnıy feya mánisinde qollanılǵan. Demek, "Avesto" da peri obrazı jawız kúsh tımsalında qaralǵan. Bul estelikte peri obrazı hár túrli haywanatlar kórinisine kire alatuǵın obraz sıpatında beriledi. Ulıwma "Avesto" da peri obrazı sulıw

hayal hám haywanat kórinisinde bolıwı aytılǵan. Ózbek folklorshı alımı A.Qayumov "Ózbek folklorında peri obrazı" dep atalǵan izertlew jumısında peri obrazınıń genezisi hám poetikasın izertlep, jumısta bul mifologiyalıq obrazǵa xalıq arasındaǵı kózqaraslar hám onıń tariyxıy tiykarların, peri obrazınıń ózbek xalıq erteklerinde kórkem analizin úyrenedi. Qaraqalpaq xalıq erteklerinde de peri obrazı túrli haywanatlar kórinisine kire alatuǵın obraz sıpatında ushırasadı. Mifologiyalıq obraz sıpatında xalıq awızeki dóretpelerinde ózine tán qásiyetke iye bolǵan bul obrazlar evolyuciyalıq ózgerisler nátiyjesinde unamlı sıpattan unamsız sıpatqa, unamsız sıpattan unamlı sıpatqa, ayırımları óziniń dáslepki qásiyetlerinen pútkilley transformaciyalanǵan jaǵdayda túrkiy xalıqlar xalıq awızeki dóretpelerinde ásirler boyı óz kórkemligin saqlap kelgen hám sol shıǵarmalarda syujetlik ózgesheligin támiyinlew ushın ayrıqsha xızmet atqarǵan.

Erte dáwir esteliklerinde ushırasatuǵın mifologiyalıq obraz hám sytujetler tiykarınan jaqsılıq hám jamalıqtıń óz ara gúresi tiykarında qáliplesken. Bunday mifologiyalıq obraz hám syujetler búgingi kún xalıq awızeki dóretpelerinde hám jazba ádebiyatta óz sáwleleniwin tawǵan. Mısalı, ózbek folklortanıwshı alımları M.Jóraev hám M.Narziqulovalardıń avtorlıǵındaǵı "Mif, folklor hám ádebiyat" miynetinde erte dáwir esteliginen "Avesto" esteligindegi mifologiyalıq obrazlar tiykarında ózbek xalıq awızeki dóretpelerinde hám jazba ádebiyatında ushırasıwın ilmiy kózqaraslardan salıstırıp úyrengen. Bunda "Avesto" esteliginde ushırasatuǵın ayırım mifologiyalıq obrazlardıń ózbek xalıq awızeki dóretpelerinde ekinshi variantlarda dus keliw ózgesheliklerine, Alisher Nawayı dóretiwshiligindegi (Sabbayi Sayyor) shıǵarmalarda kosmogoniyalıq mifler hám mifologiyalıq obrazlar haqqında keń túrde maǵlıwmatlar bergen [11].

Mifologiyalıq obraz hám syujetler tek ǵana folklorlıq dóretpelerdiń emes, jazba ádebiyattıń da payda bolıp rawajlanıwında ayrıqsha áhmiyetke iye. Qaraqalpaq klassik jazba ádebiyatında ushırasatuǵın miflik obraz hám syujetler boyınsha T.Kerwenovtıń "Mifler hám ańızlardıń qaraqalpaq jazba ádebiyatında qollanılıwı" monografiyasın atap ótsek boladı. Bul miynette qaraqalpaq jazba ádebiyatınıń XIX ásir klassik shayırlarınıń shıǵarmalarında ushırasatuǵın miflik obraz hám syujetler úyrenilgen. Alım bul dáwir jazba ádebiyatında ushırasatuǵın mifologiyalıq obraz hám syujetlerdi islamǵa deyingi mifler hám islam mifologiyası dep úlken eki toparǵa ajıratıp úyrengen. Sonday-aq, bul dáwir shayırlarınıń mifologiyalıq obraz hám syujetlerdi qollanıw túrlerine qarap etiologiyalıq, antropologiyalıq, kosmogoniyalıq mifler dep klassifikaciya islegen [12].

Juwmaqlap aytqanda, mifologiyalıq obrazlardı túrli baǵdarda úyreniw, olardıń xalıq awızeki dóretpelerindegi hám jazba ádebiyattaǵı kórkemlik funkciyasın, ideyalıq baǵdarın anıqlaw, genezisin hám klassifikaciyasın, tipologiyalıq uqsaslıq hám ózgesheligin úyreniw qaraqalpaq folklortanıwınıń áhmiyetli máselesi bolıp esaplanadı. Búgingi kúnde qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpelerinde, ásirese erteklerinde ushırasatuǵın mifologiyalıq obrazlardıń usı qásiyetleri arnawlı túrde izertlewdi talap etedi.

## Ádebiyatlar


1. Ахметов С., Баҳадырова С. Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги. –Нөкис: «Билим», 1992.
2. Мелитинский Е.М. Поэтика мифа. –Москва: «Наука», 1976.
3. Каскабасов С. Қазақтың халық прозасы. –Алматы: «Ғылым», 1984.
4. Хошниязов Ж. Мифлер ҳәм дәстанлар: Генезиси, спецификасы, дәўирлик қатламлары. Ташкент. Anorbooks, 2022.
5. Турдимов Ш. Ўзбек мифологияси ва фольклори. –Тошкент: ILIM VA FAN. 2023.
6. Акрамов Ғ. Мифологиянинг айрим епик жанрлар билан ўзаро муносабати// Ўзбек фольклорининг епик жанрлари. –Тошкент: «Фан», 1981.
7. Жалолов Ғ. Ўзбек халқ эртаклари поэтикаси. –Тошкент: «Фан», 1978.
8. Сейидов М. Хызыр - продукт тюркского мифологического мышления // Известия АН Азерб. ССР, серия литературы, языка и искуства, 1980, №4.
9. Каскабасов С.А. Казахская несказочная проза. – Алмата: «Наука», 1990.
10. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. – Нөкис: «Билим», 1996.
11. Жўраев М., Нарзиқулова М. Миф, фольклор ва адабиёт. –Тошкент: «Фан», 2006.
12. Керуенов Т. Мифлер ҳәм аңызлардың қарақалпақ жазба әдебиятында қолланыўы. - Нөкис: «Билим». 2013.



**REZYUME.** Maqolada folklorning paydo bo‘lishida va rivojlanishida ahamiyat kasb etgan, bugungi kunda folklor janrlarida badiy funkciya bajaradigan mifologik obrazlarning tadqiqoti haqida so‘z yuritiladi. Mifning chet el olimlari tarafidan qanday ilmiy-nazariy jihatdan o‘rganilishi va turkiy xalqlarda ham bu borada ilmiy-tadqiqot ishlari olib borilganligi haqida ma’lumotlar keltirildi. Folklor janrlaridan biri hisoblangan qoraqalpoq xalq ertaklarida uchraydigan mifologik obrazlarning funksiyasi va o‘rganilish tarixi borasida ilmiy-nazariy qarashlar va fikirlar keltirildi. Mifologik obrazlar haqida turkiy xalqlar olimlari fikirlari bilan nazariy muhokamalar berilib, bu obrazlarga shaxsiy ilmiy fikirlar bilan isbotlab berildi. Mifologik obrazlarning qoraqalpoq xalq ertaklari sujetida badiy funksiyasi, mifologik obrazlarning tasnifi masalalari o‘rganilishi aktual masala sifatida yakuniy ilmiy-nazariy fikirlar bildirildi.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена исследованию мифологических образов, получивших значение в возникновении и развитии фольклора, и на сегодняшний день выполняющих художественную функцию в фольклорных жанрах. Дана информация о том, как миф научно и теоретически изучался зарубежными учеными, а также проводились исследования в этом направлении и у тюркских народов. Представлены научно-теоретические взгляды и мнения относительно функции и истории изучения мифологических образов, встречающихся в каракалпакских народных сказках, которые считаются одним из жанров фольклора. Приведены теоретические рассуждения о мифологических образах с мнениями ученых тюркских народов, и эти образы были подтверждены личными научными мнениями. Высказаны итоговые научно-теоретические мнения по актуальному вопросу исследования художественной функции мифологических образов в сюжете каракалпакских народных сказок, классификации мифологических образов.

**SUMMARY.** The article is devoted to the study of mythological images that gained significance in the emergence and development of folklore, and today perform an artistic function in folklore genres. Information is given on how the myth was scientifically and theoretically studied by foreign scientists, and research was also carried out in this direction among the Turkic peoples. Scientific and theoretical views and opinions regarding the function and history of the study of mythological images found in Karakalpak folk tales which are considered one of the genres of folklore, are presented. Theoretical discussions about mythological images with the opinions of scientists of the Turkic peoples are given, and these images were confirmed by personal scientific opinions. The final scientific and theoretical opinions are expressed on the topical issue of studying the artistic function of mythological images in the plot of Karakalpak folk tales and the classification of mythological images.